

# Nimewo Sekirite Sosyal pou Moun ki pa Sitwayen Ameriken

2011



## Èske yon moun ki pa sitwayen ameriken bezwen yon nimewo sekirite sosyal?

Sof si ou pa yon sitwayen ameriken ki vle travay Ozetazini, ou pètèt pa bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal.

Anjeneral, se sèl moun ki sitwayen ameriken ki gen otorizasyon Depatman Sekirite Teritwa (DHS) pou travay Ozetazini ki kapab resevwa yon nimewo Sekirite Sosyal. Yo itilize nimewo Sekirite Sosyal yo pou rapòte salè yon moun ba gouvènman an epi pou detèmine si yon moun kalifye pou avantaj Sekirite Sosyal. Ou bezwen yon nimewo Sekirite Sosyal pou travay, pou touche avantaj Sekirite Sosyal, epi pou resevwa kèk lòt sèvis gouvènman.

Moun ki pa sitwayen ameriken epi ki se rezidan legal yo kapab resevwa anpil avantaj ak sèvis san yo pa gen yon nimewo Sekirite Sosyal. Ou pa bezwen yon nimewo pou resevwa yon lisans chofè, pou enskri pou lekòl, pou jwenn asirans sante prive, oswa pou aplike pou pwogram manje nan lekòl oswa pou lojman sibvansyone.

Kèk òganizasyon itilize nimewo Sekirite Sosyal pou idantifye ou nan dosye yo. Men, pifò òganizasyon yo ap idantifye ou avèk lòt mwayen si ou mande sa.

Nou pa kapab ba ou yon nimewo Sekirite Sosyal sèlman pou ou kapab jwenn yon lisans chofè oswa yon sèvis ki lakòz yo tcheke kredi ou.

Menmsi anpil konpayi, tankou labank ak konpayi kredi yo ka mande nimewo Sekirite Sosyal ou, anjeneral ou pa gen obligasyon pou bay youn si ou pa gen youn.

## Kijan mwen kapab jwenn yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal?

Gen de (2) fason ou kapab aplike:

- Ou kapab aplike nan peyi lakay ou anvan ou antre Ozetazini lè w ap ranpli yon aplikasyon pou yon viza imigran nan Depatman-Deta Etazini. Nan prèske tout ka yo, si ou aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal ansanm avèk aplikasyon viza imigran ou, ou pa gen pou ale nan yon biwo Sekirite Sosyal Ozetazini. (Pou jwenn plis enfòmasyon, ale sou Entènèt nan sitwèb [www.socialsecurity.gov/ssnvisa](http://www.socialsecurity.gov/ssnvisa)); oswa
- Ou kapab ale nan yon biwo Sekirite Sosyal an pèsòn.

Si ou pa yon imigran oswa si ou pa t aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal sou aplikasyon viza imigran ou, ou dwe gen papye DHS ou yo ki montre kondisyon

imigrasyon ou Ozetazini ak otorizasyon pou travay Ozetazini. Answit, ou ta dwe aplike pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal. Pou fè sa, ou kapab ale nan yon biwo. Nou rekòmande ou pou tann 10 jou apre ou fin rive Ozetazini pou aplike pou yon nimewo Sekirite Sosyal. Sa ap fè li pi fasil pou nou verifye dokiman DHS ou yo nan Entènèt, k ap pèmèt nou travay pi vit sou aplikasyon ou pou jwenn yon nimewo Sekirite Sosyal. Aplikasyon pou yon nimewo ak yon kat Sekirite Sosyal fêt pou gratis. Pou aplike:

- Ranpli yon fòm *Aplikasyon Pou yon Kat Sekirite Sosyal* (Fòm SS-5);
- Montre nou omwen de (2) dokiman orijinal ki pwouve:
  - Idantite ou;
  - Kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay;
  - Laj ou; ak
- Pote fòm aplikasyon ou ranpli a ak dokiman orijinal ou yo nan biwo Sekirite Sosyal zòn ou.

*Tout dokiman yo dwe swa orijinal oswa kopi ki sètifye nan ajans ki bay dokiman yo. Nou pa kapab aksepte fotokopi oswa kopi dokiman ki notarye.*  
Nou pa kapab nonplis aksepte yon resi ki montre ou te aplike pou dokiman an.

Nou ka itilize yon dokiman pou de (2) rezon. Pa egzanp, nou ka itilize pèmi travay DHS ou kòm prèv idantite ou ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay. Batistè oswa paspò ou ka sèvi kòm dokiman ki pwouve laj ou. *Men tou, ou dwe prezante omwen de (2) dokiman apa.*

N ap voye nimewo ak kat la ba ou nan sèvis lapòs imedyatman nou jwenn tout enfòmasyon yo ak lè nou verifye dokiman yo nan biwo ki founi yo.

## Idantite ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay

Pou pwouve idantite ou ak kondisyon imigrasyon ki ba ou otorizasyon pou travay, montre nou dènye dokiman imigrasyon Etazini ou ak paspò etranje ou ki pa ekspire. Men kèk nan dokiman imigrasyon ki akseptab yo:

- Fòm I-551 (ki gen ladan viza imigran nou kapab li nan machin);
- Fòm I-94 (*Dosye Antre/Sòti*) ou ki montre otorizasyon DHS ba ou pou travay; oswa
- Fòm I-766 (*Kat Otorizasyon Travay*).

**Vizitè nan Pwogram Echanj:** Si ou se yon vizitè pou yon pwogram echanj J-1 oswa J-2, ou dwe montre nou DS-2019 ou, *Certificate of Eligibility for Exchange Visitor Status* (Sètifikasi Elijiblite pou Sitiyasyon Vizitè Echanj). Si ou se yon etidyan J-1, etidyan k ap fè estaj oswa vizitè entènasyonal, ou dwe bay yon lèt enstitisyon ki ba ou lèt rekòmandasyon an. Lèt la ta dwe fèt sou papye ki gen antèt enstitisyon ki bay lèt rekòmandasyon an avèk yon siyati orijinal ki otorize travay ou.

**Etidyan entènasyonal:** Si ou se yon etidyan F-1 oswa M-1, nou bezwen wè Fòm I-20 ou, *Sètifikasi Kalifikasyon pou Kondisyon Etidyan ki pa Imigran*. Pou jwenn enfòmasyon sou lòt dokiman etidyan yo dwe bay, mande *International Students And Social Security Numbers* (*Etidyan Entènasyonal ak Nimewo Sekirite Sosyal* (Piblikasyon Nimewo 05-10181)).

## Laj

Ou dwe prezante batistè peyi etranje ou si ou genyen li, oswa si ou kapab jwenn li nan 10 jou ouvrab. Si ou pa genyen li, nou kapab konsidere lòt dokiman, tankou paspò ou oswa yon dokiman DHS ba ou kòm prèv laj ou.

## Kisa pou mwen fè si mwen bezwen yon nimewo pou lòt rezon?

Si DHS pa ba ou otorizasyon pou travay Ozetazini, ou kapab resevwa yon nimewo Sekirite Sosyal sèlman si ou kapab pwouve ou bezwen li pou yon rezon valab ki pa pou travay. Pa egzanp, sa ta ka rive si yon lwa leta oswa lwa federal egzije ou pou gen yon nimewo Sekirite Sosyal pou resevwa avantaj ou te déjà gen dwa pou resevwa.

Si ou bezwen yon nimewo pou ranpli fòm taks ou, epi si ou pa gen otorizasyon pou travay Ozetazini, ou kapab aplike pou yon nimewo *Idantifikasiyon Kontribiyab Endividiyèl nan Internal Revenue Service* (IRS). Ale nan yon biwo IRS an pèsòn oswa rele IRS nan nimewo telefòn gratis, **1-800-TAXFORM (1-800-829-3676)**, epi mande Fòm W-7 la, *Aplikasyon Pou Yon Nimewo Idantifikasiyon Endividiyèl Endepandan*.

Si yon biznis oswa yon ajans gouvènman mande ou yon nimewo Sekirite Sosyal, epi ou pa gen otorizasyon pou travay Ozetazini, mande si yo kapab idantifye ou nan yon lòt fason. Nan pifò ka yo, w ap kapab resevwa sèvis oswa lisans ou bezwen an san yon nimewo Sekirite Sosyal.

## Kontakte Sekirite Sosyal

Pou jwenn plis enfòmasyon ak kopi piblikasyon nou yo, ale nan sou Entènèt nan sitwèb nou an [www.socialsecurity.gov](http://www.socialsecurity.gov), oswa rele gratis nan nimewo **1-800-772-1213** (pou moun ki soud oswa ki mal pou tande, rele nan nimewo TTY nou, **1-800-325-0778**). Nou trete tout apèl yo an sekrè. Si ou pale lang Panyòl, peze 2. Pou tout lòt lang yo, peze 1, rete sou liy lan, epi rete an silans pandan w ap tande yon vwa k ap ba ou enstriksyon otomatik jouk lè yon anplwaye reponn. Anplwaye a ap kontakte yon entèprèt pou ede li avèk apèl ou a. Sèvis entèprèt la disponib pou gratis. Nou ka reponn kesyon espesifik yo ant 7 a.m. ak 7 p.m., lendi jiska vandredi. Nou kapab bay enfòmasyon nan lang Angle yon sèvis telefòn otomatik ki fonksyone 24 èdtan pa jou.

Nou vle asire nou tou ke ou resevwa bon jan enfòmasyon avèk jantiyès. Se pou rezon sa a ke genyen yon dezyèm reprezantan Sekirite Sosyal pou kontwole kèk apèl telefonik.